

Politik Randevou Dantè

Nan Sant Sante Familyal yo [Family Health Centers, FHC] nan NYU Langone, nou angaje n pou n bay tout pasyan swen dantè ki bon kalite epi ki abòdab. Lè pasyan yo rate randevou oswa lè yo pa konfime vizit yo pwograme pou yo, sa redui disponibilite randevou pou lòt pasyan ki bezwen swen. Pou n ka asire aksè kay founisè swen dantè nou yo san paspouki epi atan, n ap aplike you nouvo **Politik Pou Lè Ou Pa Prezante nan Randevou Dantè, pou Konfimasyon Randevou, ak Lè Ou Rive An Reta** k ap antre an vigè nan **Jen 2026**.

Konfimasyon Randevou - Konfime randevou dantè ou a omwen **2 jou ouvrab** anvan vizit yo pwograme pou ou a. Si ou pa konfime randevou w la anvan lè sa a, y ap anile l apre sa y ap voye l pou yon lòt dat.

Lè Ou Rive An Reta

Si ou rive plis pase **15 minit** apre lè randevou yo pwograme a, y ap konsidere ou an reta. W ap gen de (2) opsyon:

1. Pwograme yon nouvo randevou pou yon lòt jou.
2. Tann pou wè si gen yon randevou ki vin disponib nan menm jou a.

N ap fè tout sa n kapab pou wè ou, men sa depann de tip randevou a, lè ki rete nan orè a, ak kantite aktivite ki genyen nan klinik la. Nou pa ka bay garanti ke ap gen yon randevou k ap disponib nan menm jou a.

Randevou Ou Rate

Si ou pa vini nan randevou w la nan **3 èdtan** apre lè yo te pwograme pou ou a, y ap note vizit ou a kòm yon vizit **ou rate**.

Randevou Ou Rate Plizyè Fwa

Si ou gen **2 oswa plis randevou ou rate nan yon peryòd 12 mwa**, ou p ap ka pwograme randevou dantè alavans ankò. Pandan tan sa a, ou ka kontinye resevwa swen dantè lè ou pwograme randevou pou menm jou a sèlman.

Esepsyon Nan Politik la

Nou konprann ijans ka rive sanzatann. Si ou kwè yo ta dwe kite randevou ou rate yo pase akòz yon ijans oswa yon sikonstans esepasyonèl ki koz ou rate randevou w yo, ou ka soumèt yon demann ekri bay Biwo Relasyon Pasyan FHC a [FHC Patient Relations Office] pandan w ap voye yon imel nan FHCPatientRelations@nyulangone.org epi eksplike sitiyasyon w lan.

Y ap revize chak demann grenn pa grenn. Sant Sante Familyal yo [Family Health Centers] rezève dwa pou yo apwouve oswa rejte demann esepasyon yo epi y ap bay yon repons ekri nan **14 jou ouvrab**.